



Roselene Jeudy

December 2, 1958 - January 12, 2024

Sr ROSELENE JEUDY: Sr Roselene Té fêt 2 Décembre 1958, de Marie Solange Decoste manman li , et Leoncio Jeudy, papa li . Nan komin Saint Jean du Sud, Depatman Sud. Sr Roselene kite Depatman Sud an 1969 li al viv nan kapital Potoprens avek paran li et avek trois frère l yo. Sr Roselene immigré Ozetazini an 1980 la ke li kontinye ap viv avek tout fanmi li yo . Sr Roselene santi yon malez le 11 Janvye 2024 bo 6 zê nan aprè midi, li ale lopital men élas li pa tounen lakay li nan dat kite 12 Janvye 2024 la. Sr Roselene admire pa trois (3) frères l ki c Yves J Jeudy, Francio Jeudy, sk Joseph Pierre Michel Jeudy, et admire pa yon ban n nieces : Cindy Jeudy ak pitit li yo; Yvette Jeudy ak pitit li yo; Jennifer Jeudy; Diana Jeudy ak pitit li yo; Stephanie Jeudy ak pitit li; Vivianne Jeudy ak pitit li yo; Vanessa Jeudy ak pitit li yo. Et tout neveux l yo: Yves Jeudy Jr. ak pitit li; Francis Jeudy ak pitit li; Jeffrey Jeudy ak pitit li; Léonce Vladimir Jeudy, Yvenson Dudley Jeudy ak pitit li; Stevens Jeudy ak fanmi li; Clint Jeudy ak pitit li; Philippe Jeudy ak pitit li. Sr Roselene t apresye pa kat (4) Matantes et (1) tonton et yon ban n cousines et cousins: Vita Decoste ak pitit li yo; Marie Therese Decoste ak pitit li yo; Soeurette Decoste ak pitit li yo; Josette Decoste ak pitit li yo; William Decoste, ak pitit li yo. Sr Roselene t apresye pa belle-Sœurs li yo: Cecile Demerzier, Carole Exantus, et Virginia Cineas. Sr Roselene t apresye pa tout Sœurs , Freres, et Pasteur legliz li, et tout lot zanmi li. Sr Roselene c t moun tout moun, paske li t renmen tout moun. Sr Roselene c t yon Dame misyone ki t konsakre tout vi l et tanl ak Bondye, c yon servant ki t bay tout li menm nan

travay pou Bondye. Depi lel t an Ayiti et pandan tout tanl Ozetazini. Mezanmi kom nou tout konnen Bondye bay et li pran lel vle, pou rezon sa map mande pou tout fanmiy an pran kouraj.

Cemetery Details

CABALLERO RIVERO SOUTHERN

15000 WEST DIXIE HIGHWAY
MIAMI, FL 33181

Previous Events

Visitation

FEB 2. 5:00 PM (ET)

St Forts Funeral Home and Cremation
16480 NE 19th Ave
North Miami Beach, FL 33162
info@stfortsfuneralhome.com
<https://www.stfortsfuneralhome.com/>

Service

FEB 3. 10:00 AM (ET)

New Revelation Church
777 NW 106th St.
Miami, FL 33150

Repass

FEB 3 (ET)

Repass Location
35 NW 121ST ST.
North Miammi, FL 33168

